

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 70
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a


B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°790 15 Rusama 2023

Uguhimbaza umunsi w'Imana (Ibikurikira)

Imeza y'Ijambo

Guhura n'Uwazutse biko-
rerwa ku meza zibiri :
Imeza y' « Ijambo » n'ime-
za y' « Umukate w'ubu-
zima ». imeza ya mbere
ibandanya guhishurira
ubwenge bwacu ya Nku-
ru nziza y'urukuza ishi-
mikiye ku kinyegezwa
ca Pasika, aho Kristu
ubwiwe yiyerekanira mu
kwimenyesha abigishwa
biwe.

Niwe avuga kuko yibo-



nekeza mw'Ijambo ryiwe
« igihe badusomera I-
nyandiko nyeranda ».

Ku meza ya kabiri, uku-
boneka kwiwe kwiseru-
rira mu kwibuka uru-
pfu, ukubabara n'izuka
ryiwe, aho wa Mukate,
wo ngwati y'akanya-
muneza twiteze, wahe-
rezwa.

Inama ya Vatikano ya
II iributsa ko « Imigi-
rwa y'Ijambo ry'Imana

Soma ku Rup. 5

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

Abamenyeshamakuru:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

* **Mélance NDAYIKEZE**

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Uwujejwe ubuhinga:

* **Chanel HARINGANJI**

Umunyamabanga:

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Umunyabigega:

* **MSV Nadine HARAGIRIMANA**

Uwujejwe imigende- ranire:

* **J. de Dieu NDIKUMANA**

Musenyeri Yohani Ntagwarara yaraye ahim- baje Yubile y'imyaka 25 y'Ubwepiskopi

Ku wa 6 Rusama 2023,
niho Musenyeri Yohani
NTAGWARARA yahim-
baza Yubire ya y'imyaka
25 y'Ubwepiskopi

Kari kandi n'akaryo ko
gushikiriza icese Um-
wungere Joriji BIZIMA-
NA yaragijwe diyoseze
BUBANZA na Nyenubwe-
randa Papa Fransisko
biciye ku ntumwa yiwe
asanzwe amuserukira mu
BURUNDI ariwe Muse-
nyeri Dieudonné DATO-
NOU.



Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

o Musenyeri Yohani Ntagwarara yaraye ahimbaje Yubile y'imyaka 25 y'Ubwepiskopi.....4

o Urugo rukristu nirumenyeshe Inkuru nziza ya Yezu Kristu.....6

o Ugupfira umubano biracashoboka mu Burundi.....9

o Ugupfira umubano biracashoboka mu Burundi.....10

Idominika ya gatanu ya Pasika : Umwaka A

Igisomwa ca mbere : *Ibik. Vy'Abat. : 1, 12-14*

Inkuru nziza : *Yohani : 17,1-11*

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ibikorwa vy'Abatumwa :

(Bose bari n'umutima umwe mu gushishikara gusenga)

Yezu amaze kwurira mw'ijuru, Abatumwa bagaruka i Yeruzalemu, bavuye ku Gasozi k'Imizeti kabangabanganye na Yeruzalemu. Hari urugendo umuntu azenze ku musi w'Isabato. Bashitseyo, baca burira mu nzu yo hejuru aho bari basembereye. Hari Petero na Yohani, Yakobo na Andreyo, Filipino na Toma, Barutolomeyo na Matayo, Yakobo mwene Alufayo, Simoni umunyabwira na Yuda mwene Yakobo. Bose bari bafise umutima umwe mu kubandanya gusenga hamwe n'abagore barimwo Mariya nyina wa Yezu na benewabo.

Igisomwa ca kabiri: *I Petero: 4. 13-16*

Ivyo dusoma mw'ikete rya mbere ry'umutumwa Petero:

(Nimwaba mutukwa kw'izina rya Kristu, murahiriwe)

Ncuti zanje:

Nezerwe kuko musangiye na Kristu amakuba yababaye, kugira ngo umunsi ubuninahaazwa bwiwe buzokwibonekeza, muze munezerwe muhimbarwe. Nimwaba mutukwa kw'izina rya Kristu, murahiriwe, kuko Mutima w'ubuninahazwa ari we Mutima w'Imana aba aruhukiye muri mwebwe. Ntiha gire n'umwe muri mwebwe ashikirwa n'amagorwa kuko ari umwicanyi, igisuma canke inkozi y'ikibi canke kuko yisuka mu vy'abandi, ariko, niyaba ashikirwa n'amagorwa kuko ari umukristu, nareke kugira isoni, naninahaze riho Imana ku bw'iryo zina.

Alleluya, Alleluya.

- Umukama yavuze ati: "Sinzobasiga muri impfuvyi; ndagiye, mpeze nze ngaruke muri mwebwe, umutima wanyu wuzure akanyamuneza."

Alleluya.

Inkuru nziza: Yohani : Ivyo dusoma mu Njili nyenda yanditse Yohani :

(Babe umwe nkuko natwe turi umwe)

Mu gihe yari mu kuva kuri iyi si ngo asubire kwa Se wiwe, Yezu yariko arasenga, ahanze ijuru, avuga ati: «Dawe, ubutigu burageze. Ninahaza Umwana wawe, Umwana wawe na we abone kukuninahaza, yongere ahe ubuzima budahera abo wamuhaye bese kubera ububasha wamuhaye ku citwa ikiremwa cose. Ubuzima budahera na bwo ni ukukumenya wewe Mana rudende y'ukuri n'uwo watumye Yezu Kristu. Narakuninahaje kw'isi, narashikije igikorwa wanshinze gukora. Nuninahaze ubu, Dawe umpe bwa buninahazwa nari mfise hafi yawe isi itararemwa. Naramenyesheje izina ryawe abantu wampaye, wabakuye mu bandi. Bari abawe, urubampa kandi barazigamye ijamba ryawe.

Ubu barazi kw'ico wampaye cose cavuye kuri wewe; kuko amajambo wampaye nayabashikirije, na bo barayakira, baramenya vy'ukuri ko namuka kuri wewe bongera baremera ko ari wewe wantumye. Ni bo nsabira, sinsabira isi, nsabira abo wampaye, kuko ari abawe. Erega, ivyanje vyose ni ivyawe kandi ivyawe vyose ni ivyanje; muri bo rero ndaninahajwe. Sinkiri kw'isi, yamara bo bari kw'isi; nanje nje iwawe. Dawe mweranda, nugumye mw'izina ryawe abo wampaye, kugira ngo babe umwe nkatwe.

Musenyeri Yohani Ntagwarara yaraye ahimbaje Yubile y'imyaka 25 y'Ubwepiskopi

(Bitangurira ku rup.1)

Ibirori vy'Inkuka y'Imisa vyatanguye igihe c'isaha zitanu z'igitondo (11h00) vyugururwa n'urugendo rurerure rwitabwe n'abasaserdoti benshi cane kumwe n'Abepiskopi nka bese b'i BURUNDI .

Hari Umushikiranganji w'amagara y'abantu yaje aserukira Reta, abashin-gamateka, abakenguzamateka, abanyacubahiro batandukanye, co kimwe n'abakristu isinzi bavuye muri diyoseze BUBANZA, hamwe no hirya no hino mu gihugu cose.

Imbere yuko Inkuka ya Misa itangura, Intumwa ya Papa mu BURUNDI Musenyeri Dieudonné DATONOU, yabanje gushikiriza Musenyeri Joriji BIZIMANA urwete rumuha ububasha bwo guhagararira Papa mu bice vyose vy'ubuzima

bwa diyoseze BUBANZA.

Urwo rwete Musenyeri Joriji yaciye arushikiriza umurwi w'abahanuzi ba diyoseze (conseil des consultants),

Ibik. urup.4

Ijambo rya Papa Fransisko ryo ku munsu mpuzamakungu wo gusabira itorwa

Uwo musu warahinduye ubuzima bwanje ku buriyongwe n'uyu musu bibandanya.

Ariko umuhamagaro w'Imana ku ngabirano y'umuntu uza buke-buke, uciye mu rugendo rw'ubuzima: mu guhura n'igihe c'ubukene, mu gihe c'igisabisho, kubera intahe imurikiwe n'Inkuru Nziza, uciye ku gisomwa kitwugururira umutima, mu gihe twumviriza Ijambo ry'Imana maze tukiyumvamwo ko ritwerekeye, mu mpanuro y'umuvukanyi aduherekeza, mu gihe c'indwara canke c'ukugandara... Twokwama twiyumvira ko Imana iduhamagara ubudasiba.

Uwo mugambi n'ingabirano vy'ubuntu bwayo birindiriyeye inyishu yacu. Itorwa « ryibonekeza mu muhamagaro w'Imana no mu bwigenge bw'umuntu ». Ni imigenderanire ibandanya kandi ikomeza ifise abaganira bagizwe n'Imana n'umutima w'umuntu.

Aho niho ingabirano y'itorwa imeze nk'urutete Imana itera mw'ivu ry'ubuzima bwacu, ituma twiyugururira Imana n'abandi kugira dusangirana na bo intabonwa tuba twaronse. Iyo ni yo ndinganzigira shingiro y'ico twategera mw'itorwa: Imana ihamagara mu gukunda na twe mukuyemera twishure mu gukunda.

Twisanga turi abana bakundwa n'umuvyeyi umwe kandi tukamenya ko tuvukana hagati yacu.



Tereziya mweranda w'umwana Yezu mu gihe yari ahejeje « kubona » neza ukwo kuri kw'itorwa, yarashize akamo hejuru : « Itorwa ryanje ndahejeje kurironka! Itorwa ryanje ni urukundo ! Ego naramubonye ikibanza canje muri Ekleziya [...]. Mu mutima w'Ekleziya, Mawe wanjye, nzoba rukundo »

Ndi umutumwa kuri iyi si

Umuhamagaro w'Imana, nk'uko twabivuze, twumva irungikwa. Ntorwa ribaho ata butumwa. Kandi nta munezero uriho canke iterambere ryuzuye ry'ubuzima bwacu atagusangiza abandi ubuzima bushasha twaronse.

Umuhamagaro w'Imana ku rukundo ni ico twatuhuye kidashobora kuguma mu gacerere. Pawulo arabigaragaza ati: « Noba ndarwiciriyeye ntamenyeshye Inkuru Nziza » (1 Abanyakorenti 9, 16).

Naryo Ikete rya mbere ry'umutumwa Yohani ritangura ritubwira riti: Ico twumvise, twabonye,

twihweje kandi twakorakoye ni ukuvuga Ijambo nyene ubuzima, turakibamenyeshye namwe kugira ngo akanyamuneza kacyi kuzure (Raba 1 Yohani 1-4).

Haraheze inyaka itanu, mu nyigisho y'ubutumwa narashikiriye uwabatiye wese nti: « Na wewe, utegerezwa kwakira ubuzima bwawe bwose nk'ubutumwa ». Ego, kubera ko umwe wese muri twebwe, hatavuyemwo n'umwe, ashobora kuvuga: « Ndi umutumwa kuri iyi si, ni co gituma ndi muri iyi si ».

Ubutumwa rusangi ku bakristu bose, ni ubwo gushinga intahe mu kanyamuneza, mu bihe vyose, mu migenzo no mu majambo, ingene tubayeho turi kumwe na Yezu no mu muryango wiwe ari wo Ekleziya.

Bwigaragazamubikorwa vy'ikigongwe vyo ku mbiri no ku mutima, ingene tubayeho mu kwakirana twicisha bugufi, mu gushobora kwegera abandi, kubabarana n'i-

gishika, bitandukanye n'imico yo gukumira abandi n'iyi kwitandukanya n'abandi.

Kuba umugenzi, nk'umunyamasariya w'ubuntu (Raba Luka 10, 25-37), biradutuma dutegera « umutima » w'itorwa rukristu: kwigana Yezu Kristu yaje gukorera abandi ataje ngo bamukorere (Raba Mariko 10, 45).

Ico gikorwa c'ubutumwa ntikiva mu bisanzwe ku bushobozi bwacu, ku bisabisho vyacu canke ku migambi yacu, canke ku gushaka kwacu, canke kandi ku nguvu zacu ngo turangure ibitunganye, ariko ni ingene twamenyanye na Yezu. Ni aho rero dushobora guhinduka ivyabona vya Yezu, vy'ubuzima bwiwe, bigahaza bikatugira « abatumwa ».

Niho duheza tugatahura ko turi « abarangwa n'ubwo butumwa bwo kuboneshereza, guheza-gira, gutanga ubuzima, gukirurutsa, gukiza no kubohora ». Abigishwa babiri b'i Emawusi ni ishusho y'Inkuru Nziza y'ukwo kumenyana na Yezu. Mu gihe bari bahuye na Yezu yazutse, barizigiraniye: « Erega ni ho umutima wacu wari wuzuye urukundo aho twafatanyaga akayira adusigurira Ivyanditse? » (Luka 24, 32).

Muri bo turashobora kubona ico bisigura kugira « umutima wuzuye

Musenyeri Yohani Ntagwarara yaraye ahimbaje Yubile y'imyaka 25 y'Ubwepiskopi

(Bitangurira ku rup.1)

aho rwahavuye ruca rusomwa na Musenyeri Théogène MURWUWUNDI yari asanzwe ari icegera (Vicaire Général) ca Musenyeri Yohani NTAGWARARA.

Yabanje kurusoma mu rurimi rw'ikiratini, hanuma arusoma mu kirundi.

Mu kwitsa Ijambo ry'Imana, Musenyeri Yohani NTAGWARARA yaribanze cane kwiteka umuntu yaremanywe, ko naho twaritosekaje, Imana itaciye iduheba, ngo yagumye iturondera mbere iraduha n'umuyeyi Bikira Mariya ngo tumuciyeko, tukamwambaza, adusabire ku Mana, dushobore kuronka ivyo twipfuzaga harimwo n'ikigongwe ku bicumuro vyacu.

Yarasavye abari ngaho kwakira urukundo rw'Imana, maze nabo baruhe abandi, abo bandi nabo rubafashe gukunda no kuva mu kabi barimwo, isi ironke amahoro, abantu nabo barokoke.

Inkuka ya Misa iheze, harabayeho umwanya w'amajambo.

Uwatanguye gufata ijambo ni Musenyeri Joriji BIZIMANA agiye guhagararira Papa muri diyoseze BUBANZA. Yagize ati: «Ndakengurukiye Musenyeri Yohani NTAGWARARA mu misi yari amaze arongoye iyi diyoseze ya BUBANZA, akaba yaritanze kugira



abe hafi ubusho Imana yamushinze.

Yarafashije urwaruka gusenga no kumenya Imana, yaragwiye amaparuwase (yahasanze amaparuwase 8 mu 1998, none ahasize paruwase 19).

Ndasa Imana igufashe kuguma wiyumva, ugire akaruhuko keza, diyoseze nayo izogufasha kuronka aho uruhukira hakubereye.

Ndasavye Reta nayo ibandanye itunganiriza neza abantu bose.

Abasaserdoti nabo ndabasavye kwitanga kugira bafashe ingo n'abakristu bese gutera imbere ku mubiri no ku mutima, bashishikare bagaburira igihugu c'Imana Ijambo ry'Imana.

Abihebeye Imana nabo ndabasaba ko boja mu ndinganizo y'ubutumwa bwa diyoseze, ntihagira abamera nk'abaje kwikorerera utwabo.

Ndasavye urwaruka guca kure ingeso mbi yo

gucikira no guharika, bijukire udushirahamwe two kwiteza imbere, ntihagire uwuba nyamwigendako canke ngo atwagwe n'ingeso mbi y'ubunembwe.

Uwa kabiri yafashe ijambo ni Umushikiranganji w'Amagara y'abantu yari yaserukiye Reta. Amaze gushima ubutumire barungikiye Umukuru w'Igihugu nawe agaca amwikorako ngo amusekure, yarashimye cane ibikorwa bitari bike biteza imbere igihugu birangurwa na Ekleziya, haba mu vy'indero, amagara y'abantu no mu vy'imibano, arangiza yipfuzira ibiruhuko vyiza Umwungere Yohani NTAGWARARA agiyemwo.

Kubera ko bwari buri, abatanga amajambo irya nyuma baciye bariha Musenyeri Bonavature NAHIMANA, Umwungere Mukuru wa diyoseze nkuru ya Gitega asanzwe arongoye Inama Nkuru y'Abepiskopi Katolika mu BURUNDI, akaba yabanje kuvuga ko mu nama y'Abepiskopi Katolika y'UBURUN-

DI bahagaritse itangwa ry'amajambo mu kibanza cabereyemwo Inkuka ya Misa, ngo kubera ko abateguye urubanza babisavye bashimitse, ngo niho yapfuye kuvyemera, ngo ariko ikindi gihe bamuhaye ijambo ntazoyakira.

Yaciye abandanya uvuga ko bahimbawe cane no kuba bakikije Musenyeri Yohani NTAGWARARA bamufasha kwigina yubire y'imyaka 25 y'Ubwepiskopi, ati birumvikana ko iyatirwa mw'ibanga ry'Ubwepiskopi ryanyu ryahuriranye n'aho Ekleziya y'Uburundi yari muri yubire y'imyaka ijana, none ubu Ekleziya y'Uburundi ikaba iri mu mwaka wa yubire y'imyaka 125. Birumvikana ko muri icamwa ca yubire.

Mwaciye mu bihe bitoroshe, murayobora Inama Nkuru y'Abepiskopi Katorika b'i BURUNDI (2004-2007), ariko Imana ibaguma hafi. Tugusabira ngo urambe, ubandanye uruhuka neza, tuzokuguma hafi.

Ibitori vyahavuye biza kubandaniriza ahari hateguwe agatutu, aho abatamire n'abasangwa babandanije kwinovora umusi mukuru wa Yubire ya Musenyeri Yohani NTAGWARARA. Vyose bikaba vyarangiye igihe c'isaha icumi z'umuhingamo.

Uguhimbaza Umunsi w'Imana (Ibikurikira)

(Bitangurira ku rup.1

n'iy'Ukaristiya, ata kiyitandukanya na kimwe, igize ikintu kimwe ».

Irabandanya iti : « Mu gutegurira abakristu imeza y'ijambo ry'Imana ni ugusangura ubutunzi buri muri Bibiliya. »

Irongerera iti : « Kuba yarahaye abakristukumva ijambo ry'Imana mu rurimi rw'amavukiro, vyatumye abo bakristu baboneraho no gutegeza ugusumba, uruhara rwabo mw'irangurwa no mu butumwa nabo bakesha iryo Jambo bashikirijwe; butangura gusamirani-ra mu mwete n'uburyo bagira mu kuryisomera, eka batibagiye no kuricisha no mu ndirimbo zirihayagiza.

Nico gituma, imbere y'uko iryo jambo rishikirizwa, rikeneye gutegurwa bikwiye, ubwa mbere uwurisomera abandi, eka n'uwurisosanurira abo ajejwe n'insiguro idasigaye inyuma.

Gutyo niho abaritega amatwi nabo bakura inyishu yabo bishikiririza nabo Uwabayagiye, mu gihe basubiramwo kwa « kwemera kwabo », biyibutsa ya masezerano y'ibatisimu baronse umunsi binywanira n'Imana, biyemeje ko ibabera Umuvyeyi nabo bakayibera abana, irindira inyishu yabo, inyishu Kristu yabatanguriye aho yabwirira Imana Seati: «AMEN », maze ikaba yashize mu misha yacu ingwari za Mutima wayo.

Imeza y'Umubiri wa Kristu



Imeza y'Ijambo irangurira ku meza y'Umukate w'Ukaristiya, itegurira abakristu kubaho ku buryo bunyuranije, ariko bafatira imero yabo mw'ihimbazwa ry'umunsi w'Imana.

Nko mu nteguro y'umunsi mukuru, iryo hwaniro ry'umunsi w'Umukama, Ekleziya yibonekeza ugusumba iyindi minsi yose nk'umunsi koko uhambaye « wo gukurira ubwatsi Imana » muri Ekleziya yuzuwe na Mutima Mweranda, yiyegereza Imana Data muri Kristu we yigize ijwi ry'isi yose, tumuninahaza ku bwiwe hamwe na we, no muri we nyene, mu bumwe bwa Mutima Mweranda». Kristu afatanyaga inkuka yiwe n'ya Ekleziya yose.

Mu guhimbaza Ukaristiya, inkuka ya Kristu ihinduka n'inkuka y'abagize ingingo z'umubiri wiwe ubuzima bw'abakristu, ininahazwa ryabo, ububabare bwabo, ibisabisho

vyabo, ibikorwa vyabo, bifatanye n'ivy'Kristu we nkuka nyakuri kugira ngo bironke ico bimarira abayihereje.

Imfungurwa ya Pasika itunyanisha n'abavandimwe

Yezu Kristu niwe yigize imfungurwa, yitanzeko inkuka, yihereza Ekleziya yiwe kugira ngo n'abakristu bifatanye nawe, mu kwemera no mu rukundo, na cane muri ya Mfungurwa Nyerandaa y'Isakramentu ry'Ukaristiya. Nico gituma, Ekleziya isaba abayo bose « GUSANGIRA » igihe cose bahereje Ukaristiya, ariko mu gihe bosanga batavyiteguriye, ko bobanza kwigaya, mu gusaba ikigongwe, babanze guhurira n'Umukama mw'isakramentu ry'ugusubiza hamwe n'Imana n'abagenzi.

Twibuke impanuro Paulo mweranda ashikiriza abakristu b'i Korenti: «Nico gituma rero, u-

wuzorya umukate canke akanywa igikombe c'Umukama atabikwiye azobazwa umubiri n'amaraso vy'Umukama.

Umuntu wese niyisuzume we nyene ngo abone kurya kuri uyo mukate no kunywa kuri ico gikombe kuko uwurya akanywa atabanye kuzirikana umubiri w'Umukama aba ariye urubanza rwiwe kandi akaba arunoye (1 Kor 11,27-29).

Nico gituma ibirori vy'intango y'imisa, ivy'ugusaba ikigongwe, vyofasha neza abakristu kwitegurira ubwo bumwe bwa-bakoraniye.

Indamutso y'amahoroiza imbere y'uko basangira yokumvisha abakristu bakoraniye muri iyo misa imvo n'imvano y'ubwo bumwe Imana yari yashakiye igihugu cayo, mu kucereka urwo yagikunze, mu kukigaburira Ijambo rimwe n'Umukate Umwe.

Uyu munsi ico gihugu gisabwe kutirengagiza rya jamb rihambaye Kristu yibutsa buri gihe, ati : «Niwaza rero guhereza rya shikanwa ryawe ngaha nyene imbere ya Altali, uheze ugende usubize hamwe na mugenzwawe, uhejeje ugaruke guhereza ishikanwa ryawe » (Matayo 5,23-24).

Biracaza

Ivyiyumviro bikuru bikuru vyavuye muri «Dies Domini», Inyigisho ya Papa Yohani Paulo wa II

Urugo rukristu nirumenyeshe Inkuru nziza ya Yezu Kristu

(Bitangurira ku rup.3)

urukundo n'ibirenge bitambuka ».

Ni co nipfuzza kandi coranga imisi iza mpuzamakungu y'urwaruka rwa Lisbonne, ndindiranye akanyamuneza. Icivugo c'iyi misi ni: « Mariya arahaguruka agenda yihuta » (Raba Luka 1, 39).

Ese umwe wese yokwiyumva ko ahamagariwe guhaguruka no kugenda yihuta, afise umutima unezerewe.

Twese turahamagawe : turararitswe

Umwanditsi w'Inkuru Nziza Mariko atwiganira igihe Yezu yatora abatumba cumi na babiri, umwe wese mw'izina ryiwe. Araheza abagira umugwi kugira ngo bamane na we kandi aze arabatuma kwigisha, gukiza indwara no kwirukana amashetani (Raba Mariko 3, 13-15).

Umukama yari atanguje umushinge w'umuryango wiwe mushasha. Abo cumi na babiri bari abantu bava mu muryango no mu mirimo itandukanye, batari mu muryango ihambaye. Inkuru Nziza iratwiganira kandi ayandi mahamagarwa, nk'amwe y'abigishwa mirongo indwi na babiri Yezu yarungitse babiri babiri (Raba Luka 10, 1)

Ekleziya, ni ijambo ry'igikireki risigura : umuryango w'abantu bahamagawe, bararitswe ngo bagire umuryango w'abi-

gishwa bamenyesha Inkuru Nziza ya Yezu Kristu, biyemeje kuba mu rukundo rwiwe hagati muri bo (Raba Yohani 13, 34 ; 15, 12) no kurukwiragiza muri bose, kugira ngo Ubwami bw'Imana bukwire hose.

Muri Ekleziya, twese turi abatumba kubera imihamagaro, ingabirano n'ubukuru dufise bitandukanye. Umuhamagaro w'ingabirano y'urukundo kuri twese, wiyerekana mu buzima bw'abakristu balayike, abashingantahe n'abapfasoni, bitanga mu kwubaka umuryango nka Ekleziya yo kuziko be no mu kuremesha ibice bitandukanye vy'abantu ngo birangwemwo umwamiriro w'Inkuru Nziza, mu ntahe dushingirwa n'abihebeyimana, vyose babihebeye Imana ku bw'abavukanyi babo nk'abashingira intahe ubwami bw'Imana, mu bafise ibanga ry'ubusaserdoti busuku (Abadiyakoni, Abasaserdoti n'Abepiskopi) bitangira ukumenyesha Ijambo ry'Imana, ugusengesha n'isangirumutima ry'igihugu c'eranda c'Imana.

Ni muri iyi migendera nire n'abandi umuhamagaro wose muri Ekleziya wiserura neza mu kuri kwawo n'ubutunzi bwawo bwose.

Muri iyi ntumbero, Ekleziya ica iba ihurira ry'ihamagarwa, aho imihamagaro yose ihurira mu budasa bwayo ikagira umurwi umwe igahaza igasohoka gukwiza kw'isi ubuzima bushasha

bw'ubwami bw'Imana.

Inema n'ubutumwa: ingabirano n'indagano

Bavukanyi, umuhamagaro ni ingabirano kandi ni ibanga, ni isoko ry'ubuzima bushasha n'akanyamuneza k'ukuri.

Ese ukwitanga mu gisabisho n'indinganizo y'ubutumwa bijanye n'uyu musigira vyokomeza umutima w'umuhamagaro mu miryango yacu, mu mibano y'amaparuwase no mu mibano y'abihebeyimana, mu mashirahamwe no mu mihari y'Ekleziya.

Ese Mutima w'Umukama yazutse mu bapfuye wudukuramwo akabi ukaduha guhimbarwa no kwunga ubumwe kugira ngo dushobore kubaho ku musigira ku musigira tunezerewe nk'abana b'Imana Rukundo (Raba 1Yohani 4,16), natwe duheze tube abasasagaza urwo rukundo: dushobore gutwara ubuzima hose, cane cane aho higanje ikumirwa n'ihohoterwa, ubukene n'urupfu.

Kugira ngo urukundo rubandanye rusesagazira kandi Imana iganze imyaka yose na hose. Ese igisabisho cashikiriye n'Umweranda Pawulo wa 6, ku musigira mpuzamakungu wa mbere wahariwe itorwa, hari igenekerezo rya 11 ndamukiza 1964, coduherekeza muri iyi nzira: Ewe Yezu, mwungere mwiza w'imitima, wewe wahamagaye abatumba ngo

babe abarovyizi b'abantu, ni ukwegakwege imitima y'urwaruka rukuronderana igishika, bagire abigishwa bawe n'abatumba, bahe akanyota ko gusangira nawe icungurwa ry'isi yose, bugururire amarembo kw'isi yose kugira ngo mu kwitaba umuhamagaro wabo bamenyekanishe ubutumwa bwawe aha kw'isi, bubake umubiri wawe uninahaye ariwo Ekleziya bongere babe umunyu n'umuco w'isi (Matayo 5,13).

Ese Bikira Mariya yobaherekeza kandi akabakingira.

Ndabahezagiye mwese.

Bigiriwe i Roma, ku cicaro citiriwe Yohani Mweranda w'i Laterano, igenekerezo rya 30 ndamukiza 2023 ku musigira w'Imana ugira kane wa Pasika

Papa Fransisko

Vyahinduwe mu kirundi n'Ibiro Ndemeshabutumwa bw'Ibikorwa vya Papa vyo kumenyesha Inkuru Nziza ya Yezu Kristu mu Burundi.

Intara ya Buhumuza izoba igizwe n'amakomine 7 kuva 2025

I. Intara ya Buhumuza, ifise umugwa mukuru mu Cankuzo, igizwe n'amakomine 7 n'amazone 64.

Ikomine igira 4 ni Komine **Gisagara**, umugwa mukuru wa Komine ni Gisagara. Igizwe n'amazone 9 :

* Zone Bumba igizwe n'imitumba 7 : Budega, Bumba, Bunyerere, Muka, Nkoro, Nyamwiyanike, Rusigabangazi.

* Zone Camazi igizwe n'imitumba 6 : Camazi, gisoko, Mburi, Muzire, Rabiho na Ruramba.

* Zone Cendajuru igizwe n'imitumba 7 : Cendajuru, Gahoko, Kabageni, Kibande, Kigarika, Kiruhura na Kiyange.

*Zone Gisagara igizwe n'imitumba 14 : Gerero, Gisagara, Gitanga, Gitwenge, Kagoma, Kigogoye, Kigati, Kirambi, Muganza, Muhingamo, Murago, Nyuro, Ramba, Rubabara.

* Zone Mugeru igizwe n'imitumba 4 : Busumanyi, Kaniha, Mugeru na Musemo.

*Zone Mishiha igizwe n'imitumba 5 : Buyongwe, Gikonko, Mishiha, Munzenze, Rutsindu.

*Zone Mwiruzi igizwe n'imitumba 5 : Kibimba, Mwiruzi, Rugerero, Rukwega, Runihira.

* Zone Nyamugari igizwe n'imitumba 5 : Busyana, Gashigwe, Gitaramuka, Nyamugari, Rukoyoyo.

*Zone Twinkwavu igi-



Intara ya Buhumuza ni imwe mu ntara zitanu zizoba zigize intara z'uburundi, kuva mu mwaka wa 2025

zwe n'imitumba 5 : Gisoro, Misugi, Nyagisovu, Nyakuguma, Twinkwavu.

5. Komine **Gisuru**, umugwa mukuru ni Nyabitinda. Igizwe n'amazone 8 :

* Zone Gisuru igizwe n'imitumba 14 : Bugama, Bunyambo, Gahinga, Gisuru, Itahe, Kabingo, Kinama, Kireka, Muhindo, Murehe, Ntende, Nyabigabiro Tusange, Ruyaga, Rwerambere.

* Zone Kabanga igizwe n'imitumba 7 : Kabanga, Kigangabuko, Munazi, Musumba, Nyamigina, Nyamusasa, Ruveri.

*Zone Kinyinya igizwe n'imitumba 11 : Bugongo, Gasunu, Gataba, Karindo, Kibari, Kinyinya, Mayanza, Muvumu, Nyakibere, Nyamunazi, Vumwe.

*Zone Muhwazi igizwe n'imitumba 12 : Bwome, Gatara, Kivoga, Nyakibingo, Nyakiyonga, Nyamasenga, Nyamitanga,

Nyaruganda, Nyarumuri, Remba, Ruharo, Titi.

*Zone Ndemeka igizwe n'imitumba 8 : Butaranga, Gacokwe, Gakanagaga, Itaba, Kabuyenge, Kavumwe, Musha, Ndemeka.

* Zone Nyabitare igizwe n'imitumba 12 : Caga, Kigamba, Migende, Muvumu, Mwegereza, Nyabigizi, Nyabitaka, Nyabitare, Nyakirunga, Nyakivumu, Rubanga, Ruhuni.

* Zone Nyabitsinda igizwe n'imitumba 11 : Bihembe, Kirungu, Mago, Muramba, Mureba, Murehe, Ndago, Nyabitsinda, Nyagahanda, Nyagitika, Nyamitukwe.

* Zone Rukobe igizwe n'imitumba 8 : Iteka, Iyogero, Kinanira, Munyinya, Nkurubuye, Nyarumanga, Rukobe, Rutonde.

Yose hamwe ni imitumba 84 igize amazone 8 y'ikomine ya Gisuru.

6. Komine **Muyinga**, umugwa mukuru ni Muyinga. Igizwe n'amazone 16 :

- Zone Bwasare igizwe n'imitumba 8 : Butirabura, Bwasare, Gishuha, Jani, Kagugwe, Kaguhu, Karama, Rukinzo.

- Zone Buhinyuza igizwe n'imitumba 8 : Buhinyuza, Karehe, Kibimba, Mabago, Nyabucugu, Nyaruhengeri, Nyarunazi na Rugazi

-Zone Cumba igizwe n'imitumba 9 : Burenza, Butihinda, Bwica, Cumba, Kiringanira, Mizuga, Nyamirambo, Nyarusange, Ruganirwa.

- Zone Gasave igizwe n'imitumba 9 : Bugungu, Bunywana, Butihinda, Gasave, Gitaramuka, Karongwe, Kiyange, Muramba, Ntobwe.

- Zone Gasorwe igizwe n'imitumba 8 : Bihogo, Gikwiye, Karambo, Karira, Kinama, Kiryama, Masasu, Rusimbuko.

-Zone Higiro igizwe n'imitumba 6 : Higiro, Karimbi, Kigoganya, Ngogomo, Nyarubambwe, Nyungu.

- Zone Jarama igizwe n'imitumba 8 : Burasira, Gihongo, Jarama, Kara, Nyagishiru, Nyankurazo, Rugongo, Ruvumu.

Biracaza

Patiri Noël Ntirandekura

Ugupfira umubano biracashoboka mu Burundi

Foto: Chanel HARINAGANJI



Niho baca batangura gutora ibirato n'impuzu bigikomeye barabitwara. Baca batangura kutubwira ngo tubahe amahera, natwe tubabwira ko ata mahera dufise, duti nimuje kuwuyabika abahe.

Baciye tangura kuturasa amasasu menshi, duca turahundagara hasi twese bamwe barapfa abandi barakomereka cane. Jewe aho nari ndyanye naguma nikorakorako nibaza ko bandashe, niho numva bamwe muri bo batangura kuvuga ngo dukoreshe imipanga, ndatereza amaso mbona umwe yiruka afise umupanga, naciye mpumiriza kuko nari nzi ko ubwanje buheze, ntangura gusenga ariko Imana irakinga. Niho baca basohoko biruka batangura kurasa cane mu mwango, baca banadutamwo igere-nade.

Haheze umwanya, niho twumva muri twebwe abavuga ko twobafasha. Niho nabona umwe muri twebwe yahagurutse ariko arafasha abakomeretse, nanje ndatinya nibaza ko bohava bandasa ariko uwundi mutima ukansaba guhaguruka nca ndahaguruka kugira mfashe

abandi nongere ndabe ko na mukuru wanje yiga muw'12 yoba akiriho.

Muri uwo mwanya ba babisha bari baduze harya kuri urya musozi muremure uri hakurya y'iseminari, bari bashizemo n'inkoho nini, mbere baranarasa ku ruhande rw'igice ca mbere c'ishure n'ukuvuga muw'7 gushika muw'10.

Twebwe twagumye dufasha bamwe bakomereka tubabohesha ibishambara kuko baba bariko bava amaraso menshi. Turabiyemo mw'idirisha kuri ka gasozi, niho twabona bamanuka biruka bagana iyo turi, duca tubaza ko baje kuduhoresha, duca tuja kwinyegeza mu matwareti ariko tugenda tujanyemo uwari yakomeretse, twagumanye ubwoba twibaza ko bahava baza kuturaba iyo turi mu kinogo ca twareti.

Twibaza kandi ko bahava baturira imoteri yatsa amatara yari impande yaho twari twinyegeje ariko ntibayituriye.

Twaciye twiyumvira ko twosohoka duciye mu mugende watwara imicafu ngo twiburukire

mu ndimo, ariko biranka kuko mw'isohokero ry'uko mugende haraga ari naco catumye umwe muri twebwe yari yahaciye apfiriye Co kubera bari bamurashe aca aviraye amaraso vyanka ko agaruka vyanka n'uko arengana.

Twaciye tuguma ngaho, mu nyuma twumva amasasu menshi avugira hamwe twari, kumbe bariko barahohosha bamwe twari twamye dufasha bongera bica n'abandi batari babonywe.

Haheze umwanya utari muto nko mu masatanu, twumva amajwi y'abantu bavuga ngo ehe aba baje kurwa ino? Duca dusanga n'abasoda, baca barabomora ibeto yari yubatse itwarete baradukurayo.

Jewe naciye nihutira kuja kuraba mukuru wanje ko yoba akiriho, ariko nca nsanga yapfuye. Jewe naciye nibaza nti buno buzima bumaze iki mu gihe jewe ngiye kubaho ntagira mukuru wanje, ntagira abagenzi twasangiye umuvukano? Kuko nagira nti na jewe nari nkwiye gupfa mu bandi kuko ntaco narinshigariyeho kubera bari bapfuye turi hamwe kandi barekurira abariko barabica.

Mu bisanzwe, uko gufatana mu nda tukaba umwe muri uwo mwanya abo babisha baje kutwica, si ivyo twari twagiye inama.

Twavyisanzemwo muri uwo mwanya nyene ko

twese dutegerezwa gupfira rimwe, kandi ivyo vyabaye, yabaye inyishu y'ubuzima twari twakuriyemwo hano mw'iseminari kuko bwari ubuzima bw'umuvukano uboneka vyukuri. Rero ni urugendo twarimwo rwatumye dushika kw'ihangiro tutabizi."

Patiri Zakariya BUKURU, niwe yari arongoye iseminari y'i Buta ico gihe.

Avuga ati :



Foto: Chanel HARINAGANJI

"Baduteye isaha cumi n'imwe n'inusu y'ubuca, twavyuwe n'urusasu rwa mbere, nta numwe yari bwavyuke kiretse abana bakeya n'abarezi bari bateramye.

Ayo masasu amaze kuvugaga, umutima wara-mvuyemwo nca ndavyuka, ndabiye mw'idirisha nsanga bamaze gushika, niyumvira abana ingene nobatabara ntivyari bigishoboka "Igitwe gisumba ikibondo, naciye niruka nja kwinyegeza", ariko buno nyene baba banshikiriye bariko bararasa mu cumba iwanje, batembagaza ibintu vyose bandondera ariko Imana iranyegeza.

Biracaza
Chanel HARINAGANJI

Amamuko n'ihimbazwa ry'umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi

Igenekerezo rya mbere rusama uko umwaka utashe, amakungu yama ahimbaza umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi.

Uwo musu uhimbazwa mu ntumbero yo kwibuka ingene abakozi bo mu bihugu bitandukanye baharaniye agateka kabo mu gusaba ko amasaha y'akazi yogabanywa, kuko bakora amasaha menshi ku musu, bigatuma bagira umuruho udasanze.

Biragaragara neza ko abakozi bari barambiwe n'ingene akazi kari gatanganyijwe muri icyo gihe. Bakora amasaha menshi, gushika aho bataronka akanya ko kuruhuka canke kuraba imiryango yabo. Niho baca bafata icyemezo co gusaba ko amasaha yo gukora yogabanywa gushika ku munani, gurtyo abakozi bakaronka umwanya u-kwiye wo kuruhuka.

Uburundi ntibusigara inyuma mu guhimbaza uwo musu. Nk'uko Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu cacu yabivumereye mw'ijambo yashikirije kuri uwo musu, uwo musu ni akaryo keza ko kwibukanya akamaro k'akazi turi hamwe, ingene twokarangura neza ku neza y'umukoresha no ku neza y'umukozi mbere no ku neza y'abakeneye umwimbu w'ibikorwa vyabo.

Muri uyu mwaka wa 2023, aha iwacu mu Burundi twawuhimbaje ku civugo kivuga kiti: mboneza mu bumenyi, nimube akarorero mu

barwiza umwimbu.

1. Amamuko y'umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi ku rwego mpuzamakungu

Muri Reta zunze ubumwe za Amerika, abakozi bakora amasaha yumurerenga. Ni ho mu mwaka w'1884, abakozi baturikiye mu mashirahamwe y'abakozi, biha intumbero yo gusaba ko amasaha yo gukora ku musu yoba umunani. Ico gikorwa co gusaba kugabanirizwa amasaha y'akazi, bagitanguye ari kw'igenekerezo rya mbere rusama.

Mu mwaka w'1889 ni ho abakozi bo mu gihugu c'ubufaransa, bashinga ko igenekerezo rya mbere rusama, woba umusi wo guhurira hamwe basaba ko amasaha y'akazi yogabanywa gushika ku 8 ku musu, hagakorwa amasaha 48 ku ndwi, ariko umusi w'imana ukaba uwo akaruhuko.

Ako kamo karitabwe, kuko kw'igenekerezo rya mbere rusama umwaka ukurikira n'ukuvuga mu 1890, iryo genekerezo ryahimbajwe mu bihugu bitari bike vyo kw'isi.

Uwa mbere rusama rero n'umusi w'intibagirwa, aho abakozi bibuka ingene bagize urunani kugira bashike kuri icyo ntambwe yo gukora amasaha 8 ku musu.

Uyo musu wazanye ibitari bike kuko intwari zarawufatiye ko mu kworohereza abikorera utwabo mu vyo bakora mu kubakurako canke kubaga-

baniriza ikori batanga.

Kw'igenekerezo rya 23 ndamukiza 1919, niho inama nkenguzamateka y'Ubufaransa yemeza amasaha 8 y'akazi, ica iramenyesha ko igenekerezo rya mbere rusama uko umwaka utashe uzokwama ari umusi wahariwe abakozi n'akazi kandi ko ari umusi w'akaruhuko.

Mu bihugu vya aziya, umusi mukuru w'abakozi watanguye guhimbazwa mu mwaka w'1920. Uwo musu nta karuhuko abakozi baronka, kiretse mu bihugu bimwe bimwe nka Libani, aho uhimbazwa mu gihugu cose, kandi uwo musu nta buzi bukorwa. Muri icyo gihugu, uwo musu barawuhaye agaciro kuko, icyo bishitse ugashika nko ku musu w'imana, umusi wa mbere uca uba uw'akaruhuko.

Mu gihugu c'ubushinwa, umusi mukuru w'abakozi bawuhimbaza imisi itatu ikurikirana. Vyagiye guhinduka mu mwaka w'2008, aho abakozi batangura kuwuhimbaza kw'igenekerezo rya mbere rusama uko umwaka utashe.

Mu gihugu c'Ubudagi, iryo genekerezo ni umusi w'akaruhuko. Uwo musu watanguye guhimbazwa mu mwaka w'1890.

Mu busuwisi, uwo musu urahimbazwa. Ariko naho biri uko, abakozi nta karuhuko bafise. Abakozi bahurikiye mu mashirahamwe bara-

hurira hamwe inyuma y'amasaha y'akazi bakawigina.

Mu gihugu c'ubutariyano na ho, kahise kerekana ko igenekerezo rya mbere rusama, ryatanguye guhimbazwa inyuma y'intambara ya kabiri y'isi yo 1939-1945.

Kw'igenekerezo rya mbere rusama mu mwaka w'1990, ni ho abakozi b'abatariyano bahurikiye mu mashirahamwe, bemerewe gutunganya ibiteramo mu ntumbero yo guhimbaza uwo musu nk'umusi wahariwe abakozi n'akazi. Biragaragara ko abakozi b'abatariyano bemerewe guhimbaza uwa mbere rusama mu nyuma, ibindi bihugu vyaratanguye kuwuhimbaza nk'umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi.

Ingene washinzwe

Igenekerezo rya mbere rusama 1886, ni ho, mu gihugu ca Amerika, abaserukira amashirahamwe y'abakozi bavuye ku migabane yose y'isi bahurira hamwe, baca bashinga ko igenekerezo rya mbere rusama ribaye umusi mpuzamakungu witiriwe abakozi n'akazi.

2. Ingene umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi washitse i Burundi

Hari kw'igenekerezo rya 13 ntwarante mu mwaka w'1963, aho Uburundi bwinjira mw'ishirahamwe mpuzamakungu ry'abakozi (OIT) ari na

Amamuko n'ihimbazwa ry'umunsi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi

(Bitangurira ku rup.10)

wo mwaka bwatanguye guhimbarizako igenekerezo rya mbere rusama nk'umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi. Kuva ico gihe, niho hatangura kuvuka amashirahamwe y'abakozi (syndicats) mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'igihugu baharanira uburenganzira bwabo.

Muntumberoyogutorera inyishu ibibazo vy'abakozi biciye mu kiyago, Reta y'Uburundi yarashizeho kw'igenekerezo rya 21 z'ukwezi kwa gatanu 2013, itegeko n°100/132 rishiraho umurwi w'igihugu ujejwe kwumvikanisha abakozi n'abakoresha mu gihe hagize ico batumvikanako.

Umusi mukuru w'abakozi n'akazi, urahimbazwa mu Burundi. Kuri uwo musi, Reta yama itanga akaruhuko, nk'uko tubisanga mw'itegeko ry'umukuru w'igihugu n°100/150 ryo ku wa 7 ruheshi 2021 rihindura itegeko n°100/182 ryo ku wa 17 mukakaro 2006, ryerekana mu ngingo yaryo ya mbere urutonde rw'imisi mikuru itangirwa akaruhuko (les jours feries). Mu ngingo yaryo ya 2, rivuga ko ata gahembo kagabanywa kuri uwo musi, n'aho ari umusi w'akaruhuko.

Umukozi akoze kuri uwo musi, afise uburenganzira bwo kuronswa agahembo gahuye n'amasaha akoze. Ayo masaha afatwa nk'ayarenga ku

masaha y'akazi ategerekanyijwe n'amategeko, umukozi agaca ayahemberwa incuro kabiri. Kuri uyo musi, Reta irasaba abenegihugu bose, abakozi bagafata iyambere kwitaba ihimbazwa ryawo.

Kubijanye n'amasaha y'akazi, ibwirizwa n°1/11 ryo ku wa 24 munyonyo 2020 ryerekeye akazi mu Burundi rivuga mu ngingo yaryo y'245 ko, abakozi bategerezwa gukora amasaha 8 ku musi, n'amasaha 45 ku ndwi.

Nk'uko tubisanga mu ngingo y'289 ya rino bwirizwa, abakozi bafise kandi uburenganzira bwo kuronswa akaruhuko ku mwaka ku mwaka, kandi akabandanya ahembwa.

Ingingo ya 13 na yo ivuga ko umukozi wese ategerezwa kuronswa agahembo, kamufasha kwitunga no gutunga umuryango.

Ingingo ya 14 na yo ivuga ko abakozi bose, bakora akazi kamwe, bategerezwa gufatwa co kimwe, ata kumira na rimwe rihabaye rifatiye ku gitsina, ku bwoko, kw'idini, n'ibindi.

3. Isano riri hagati y'umusi wahariwe abakozi n'akazi, n'agateka ka zina muntu

Umusi mpuzamakungu wahariwe abakozi n'akazi, uhimbazwa ku rwego mpuzamakungu mu ntumbero yo kwirimbura, iyo abakozi bavuye, aho

bageze n'iyoba kuvyerekeye ivyankenerwa kugira umukozi akore mu buryo bubereye. Ivyo vya nkenerwa navyo ni :

- 1° kwidegemvya mu mashirahamwe y'abakozi,
- 2° guhemberwa ico umukozi yakoze,
- 3° ukubahirizwa n'amategeko ku kazi,
- 4° gukora amasaha 8 ku musi ategerekanyijwe y'akazi,
- 5° gukingirwa impanuka ku kazi,
- 6° gutegekanirizwa kazoza,
- 7° gukarahirizwa ubwenge,
- 8° kuronka akaruhuko,

Abakozi bo mu bihugu bitandukanye bamaze kugira urunani, hanyuma bagakomorerwa ivyobasaba vyo kugabanirizwa amasaha y'akazi no kuronswa akaruhuko, ayo masaha y'akazi n'akaruhuko, vyacye bicika bimwe mu vyankenerwa mu burenganzira bwo gukora mu buryo bubereye, ndetse n'amasezerano mpuzamakungu amwe amwe aca arabishira mu ngingo ziyagize. Twotanga akarorero gakurikira :

Ingingo za 23 na 24 z'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, zirerekana ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kuronka akazi, kandi afise n'uburenganzira bwo kuronka akaruhuko. Naho biri uko, dutahure ko ushobora kuronka akazi ukiyaha wewe nyene canke ugahawe n'uwundi, kuko birya bikorwa vyose uko-

ra kugira ngo witeze imbere, ari akazi.

N'amasezerano mpuzamakungu mu vy'amatungo, imibano n'imico kama, arafise ingingo zerekana isano afitaniye n'umusi mukuru w'abakozi n'akazi. Tubisanga mu gice ca 3 c'ayo masezerano, kuva ku ngingo ya 6 gushika ku ngingo ya 11.

Izo ngingo zivuga cane cane ingene abakozi bafise uburenganzira bwo kwidegemvya mu kuja mu mashirahamwe y'abakozi, bwo gukingirwa impanuka ku kazi, gutegekanirizwa kazoza, gukarahirizwa ubwenge n'ibindi. Umukozi afise kandi uburenganzira bwo kuronka akaruhuko, nk'uko amategeko y'akazi abitegekanyaga ka-ndi akagahemberwa.

Mu gusozera, twomeyako ko abakozi, ndetse n'abenegihugu muri rusangi bategerezwa kwama bagira urunani rw'intamenwa mu guteza imbere akazi bakora, bakarwiza umwimbu, gurtwo uyo musi wahariwe abakozi n'akazi uhimbazwa uko umwaka utashe, uzokwame ushika usanga bafise umwimbu ukwiye, ari nawo utuma igihugu gitera imbere. Dufise umwimbu ukwiye ndetse n'umusesekara, tuzoba turiko turashitsa rya hangiro: " umunwa wose uronke ico ufungura, umufuko wose uronke amafaranga ".

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko

«CPDHPG»

Ibibazo nteguza mu mashure yegukira Ekleziya Gatorika muri Diyose Nkuru ya Bujumbura

Ku ncuro igira 5 amashure yegukira Ekleziya Gatorika muri diyoseze nkuru ya Bujumbura, yihaye ingendo nziza yo gutegurira mu buryo budasanze abanyeshure biga muri ayo mashure ibibazo vy'inyimenyerezo mu ntumbero yo kwitegurira neza ibibazo vya leta.

Foto: Chanel HARINAGNJI



Nshimirimana Lionel yiga kuri lycée Scheppers Nyakabiga.

Ivyo bibazo bikaba bisanzwe bikorwa mu gice canyuma kirangiza umwaka w'ishure bigashimikira ahanini ku vyigwa biba vyizwe mu gice ca mbere n'icakabiri.

Ku wa 10 Rusama 2023 gushika ku wa 11 uko kwezi nyene, niho ivyo bibazo vyakorwa kuri ayo mashure.

Aho twagiye turaca kuri ayo mashure aha mu gisagara ca Bujumbura, twasanze abanyeshure bariko barakora ico kibazo. Bamwe mu bo twaganiriye, batubwiye ko naho babongeye umwana wogukora, ikibazo babahaye cari cumutse.

Foto: Chanel HARINAGNJI



Patiri Manirambona Thierry arongoye ishire yitiriwe Mutima Mweranda mu Gihosha.

Foto: Chanel HARINAGNJI



Nigaba Kenny yiga kw'ishure ryitiriwe Mutima Mweranda mu Gihosha, wewe avuatera akamo

Kubwiwe avuga ko ivyo bibazo bifitiye akamaro abanyeshure na rirya biba vyatowe n'abandi bigisha, biratuma bipima kandi bikabafasha kudashobora guterwa ubwoba n'ibibazo vya leta. Bika-bafasha kandi kwimenya na cane cane aho boshira inguvu gusumba ahandi.

Foto: Chanel HARINAGNJI



Patiri Eddy Kwizera, ni umugenduzi mukuru mu mashure yegukira Ekleziya Gatorika muri diyoseze Bujumbura, kubijanye n'uko batoye ikibazo kigoye kikananira abanyeshure,

atubwira ko ikibazo cama ari ikibazo kandi, abanyeshure ntibigera bemera ko batoye ikibazo. Mu bisanzwe batora ikibazo hamwe bagikoze babona ko ari ikibazo nyene atari ukujandajanda.

abasanze batora ivyo bibazo ko boza barubahiriza akarimbi k'aho baba babwiye bageza mu kwiga. Ivyo abivuga uko kubera mu bibazo babajijwe harimwo ivyo mu gice ca 3 kandi batari vyavyige.

Ivyo bibazo rero biraheza bikababera icirore, kibereka ingene bari gukora iyaba ari ikibazo ca leta. Ubu n'ayandi mashure amwe amwe ya leta canke ay'abikorera utwabo asigaye asaba ivyo bibazo vyo kwipima, kugira nabo barabe urugero bageze.

Tubamenyeshe ko ibibazo nk'ivyo vyatanguye kuva mu mwaka wa 2018, mu ntumbero yo guhindura imikenyuro yo kubaza kuko bari basanzwe bakora ibibazo vya kominde canke vya provinsi gusa. Bikaba bisanzwe bikorwa n'amashure yitegurira gukora ibibazo vya leta nk'umwaka w'9 na 13.

Chanel HARINAGNJI

Foto: Chanel HARINAGNJI

